

VIL NEW YORK
BIWO JESYON AK BIDJÈ
PWOGRAM SIBVANSYON GLOBAL POU DEVLOPMAN KOMINOTÈ - REKANPE APRE YON
KATASTWÒF
AVI DISPONIBILITE PIBLIK
AVI ODYANS PIBLIK

POU TOUT REZIDAN, GWROUP, KOMITE KOMINOTÈ, AK AJANS KI ENTERESE YO:

Nan vandredi 26 out 2022, Vil New York pral pibliye plan \$187,973,000 èd Federal li a lè gen katastwòf pou ede rekanpe apre siklòn Ida a. Plan Aksyon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè - Rekanpe Apre yon Katastwòf (The Community Development Block Grant - Disaster Recovery, CDBG-DR) la detaye kijan Vil la pral depanse lajan yo bay atravè Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) an.

Plan Aksyon Ida a diskite sou bezwen ak alokasyon ki gen rapò ak lojman, redresman ekonomik, enfrastrikti, alèjman, ak planifikasyon ki pral ede pwoteje Vil la kont tanpèt pi devan ak lòt efè chanjman klimatik la. Dapre egzijans HUD, omwen 70 pousan nan fon CDBG-DR yo dwe al jwenn moun ki gen revni ba ak modere yo, epi omwen 80 pousan nan fon yo dwe al jwenn Bronx, Brooklyn, Queens, ak Staten Island.

Pou gen aksè ak plan an k ap kòmanse 26 out 2022, tanpri ale sou: <https://www1.nyc.gov/site/cdbgdr/index.page>. Rezime Egzekitif yo ap disponib an Anglè, Panyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Ayisyen, Koreyen, Arab, Oudou, Franse, ak Polonè. Epitou materyèl sou entènèt yo pral aksesib pou moun ki gen pwoblèm vizyon. Yo pral bay kopi Plan Aksyon an sou papye, ki gen ladan l an gwo fòm ekri an lèt detache (tay polis 18 pwen), sou demann.

Peryòd kòmantè sou Plan Aksyon Ida a ap kòmanse 27 out 2022. Ou dwe resevwa kòmantè yo pa pita pase lendi 26 septanm 2022 a 11:59 P.M. (EST). Ou ka soumèt kòmantè alekri yo nan CDBGComments@omb.nyc.gov oswa bay Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a, Atansyon: Julie Freeman, Direktè Devlopman Kominotè, 255 Greenwich Street, 8th Floor, New York, New York 10007.

Anplis de sa, Vil la pwograme yon odyans piblik vityèl mèkredi 14 septanm 2022 a 7:00 pm pou mande plis kòmantè piblik. Tanpri gade nan fen avi sa a w ap jwenn yon lyen pou rantre nan odyans piblik la. Si w gen plan pou w patisipe epi w bezwen sèvis tradiksyon, tanpri soumèt yon demann nan CDBGComments@omb.nyc.gov pa pita pase 9 septanm 2022 a 11:59 P.M. (EST).

Nan fen peryòd kòmantè a, yo pral egzamine tout kòmantè yo, epi pral rantre repons Vil la nan Plan Aksyon an. Yo pral soumèt dènye Plan Aksyon Ida a, ki gen yon rezime kòmantè yo ak repons Vil la bay HUD epi afiche yo sou sit entènèt CDBG-DR Vil la.

Vil New York: Eric Adams, Majistra
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a

Dat: 19 out 2022

Sijè: CDBG Rekanpe apre yon Katastwòf (CDBG Disaster Recovery, CDBG-DR) Siklòn Ida
Lè: 14 septanm 2022 a 07:00 PM Lè Lès (Etazini ak Kanada)

Patisipe nan reyinyon Zoom nan
<https://us06web.zoom.us/j/83037934893>

Idantifyan Reyinyon an: 830 3793 4893
Mobil yon sèl touch
+16469313860,,83037934893# US

+16465588656,,83037934893# US (New York)

Konpoze toudepan kote w ye a

+1 646 931 3860 US

+1 646 558 8656 US (New York)

+1 301 715 8592 US (Washington DC)

+1 309 205 3325 US

+1 312 626 6799 US (Chicago)

+1 564 217 2000 US

+1 669 444 9171 US

+1 719 359 4580 US

+1 720 707 2699 US (Denver)

+1 253 215 8782 US (Tacoma)

+1 346 248 7799 US (Houston)

+1 386 347 5053 US

Idantifyan Reyinyon an: 830 3793 4893

Chèche nimewo lokal ou a: <https://us06web.zoom.us/j/83037934893>